


Pangaos langganan:
 1 sasih . . . f 0,30
 3 " . . . f 0,80
 6 " . . . f 1,60
 sataoen . . . f 3,20

Advertentie
 tiasa barempag heuda
 Adres Administratie:
N. Aboebakar
 Pandhuisstraat 47
 Tjiandjoer.



DIRECTEUR - HOOFDREDACTEUR: WIRA SENDJAJA.

KALOEAR SASASIH 4 KALI: KAPING 2-9-16-24 SASIH WALANDA

Soegri noe nampi proefnummer ieu serat kabar, oepami henteu bade langganan, moegi kersa ngawangsoelkeun deui.

Uitgeefster:
Rengr. Al-Moe'min.
 Adres Hoofdredactie:
Wira Sendjaja.
 Kazerneweg 23
 Tjiandjoer.
 Tjifakan:
Drukkerij Pamitran
 Tjiandjoer.
 Njimpenna ieu s. k.
 oelah dilalaworakeun,
 margi seueur ajat
 Qoerän sareng Hadits.

1938 - 1939.

Dina sapandjang taoen anoe kaliwat, eta taoen 1938, Goesti Jang Maha Tji, geus sakitoe njoerahkeunana rahmat, ni'mat djeung hikmat, choesoesna kana soerat kabar Al-Moe'min rawoeh para ahlina, oemoemna kana kamadjoean katoet kaamananana Islam.

Ti rengrenganana nepi ka para ahlina noe sami mitjinta kana soerat kabarna, tegesing mangpirang-pirang kahoetangan koe kageten toelatanana Maha Wisesa, sarehna geus sakitoe nangtajoenganana tina sagala roepa pantja baja, sarta sakitoe ngarizkianana geusan kahiroepanana.

Soerat kabar Al-Moe'min koe kamoe-
 rahanana Goesti s.w.a. ti mimiti medal
 opat kali dina saboelan toeg nepi ka ki-
 wari, teu ngaraos kalempohan reudjeung
 kalaparan, tapi majeng ngabogaan tanaga
 pikeun ngabela, ngadjoengdjoeng agama
 Toehan, Islam boektina. Lain bae ngan
 semet teu kalempohan djeung teu kala-
 paran, tapi oge moeloes, sepi tina pa-
 tjektjokan djeung panjerewedan. Dina
 sapandjang taoen 1938 teu aja pisan
 pasentrokan, boh djeung papada soerat
 kabar atawa djeung sala saerang pa-
 moeka agama. Nepi ka kiwari Al-Moe'-
 min meunang pangdjarang tina rahman
 rahimna Pangeran, tara panganggoeran
 tjampoer moeloet kana roepa² masalah
 chilafiah, anoe moal aja kapoetoesanana,
 malah² matak njektjokkeun dina kalangan
 ahli agama. Anoe djongdjon dipadjoe
 reudjeung ditoedjoe, teu aja lian kadja-
 ba ti moemoendelna ibadah, njingkahan
 tjegahanana, ngagetolan piwaranganana.

Koe lantaran tina ieu perkara sakitoe
 karasa kaamananana pikeun djalan aga-
 ma, taja petana tjetjekelan noe saroepe
 kitoe teh dileupaskeunana deui koe Al-
 Moe'min. Perdjagaanana djeung hantja-
 eunana teu leuwih teu koerang, kadjaba
 ti nakisan sakoer bahla anoe ngantjam
 kana agemanana, djeung naratas djaln
 geusan kamadjoean agamana. Dina ka-
 paksana koedoe miloe tjampoer kana
 bangsa chilafiah, ngan saekoer nemb-
 arkeun katranganana, anoe sakira teu
 matak boentoetan.

Mangpirang-pirang saemoemna Moes-
 limin Moeslimah koedoe njoekoer kana
 ka Maha Agoeng, sarehna lain Al-
 Moe'min sorangan anoe ngabogaan tang-
 toengan kitoe teh, tapi rea deul ba. Boektina
 dina sapandjang taoen anoe

kakara pareum, boh dina soerat² kabar
 boh dina rioengan² henteu tjara dina
 taoen anoe mangkoekna loba pisan ka-
 tjaritakeunana, lain bae ngan semet pa-
 pasean koe tjarita, tapi nepi ka koe ka-
 saran reudjeung kadoegalan; debat dina
 openbaar tea; perang batoe katoet pa-
 karang tea.

Noe djadi lantaran ieu kaamanan, teu
 aja lian kadjaba ti koe geus arinsjafna
 oenggal² parte, geus teu soehoed mare-
 boetkeun bangsa chilafiah. Ari perbedaan
 toedjoean djeung pamanggih mah, tang-
 toe ajana di oenggal² parte oge; Moeh-
 ammadijah moal pretjis tjara Ahmadiyah
 Lahore; moal saroea djeung Nahdoh,
 moal saroea djeung Persis; nja kitoe
 deui moal saroea pisan djeung P. S. I. I.
 atawa A. I. I. enz. enz. Nja kitoe deui
 tangtoengan djeung ageman Al-Moe'min
 taja petana saroea pisan djeung roepa-
 roepaning pakoempoelan anoe diseboetan
 bieu, sageuj teu aja bedana papahama-
 nana. Ngan anoe geus poegoeh diban-
 tah koe sarerea teh, koe sakoemna Islam
 anging ti pakoempoelan Ahmadiyah Qodi-
 an, lantaran pasaliana tea ngaroeksak iti-
 kad Islam.

Pasalia anoe panganjarna pisan, nja
 eta dina waktue netepkeun lebaran idil
 fitri; aja noe Rebo aja noe Kemis. Tapi
 koe lantaran geus arinsjaf tea, teu sili
 pojok, teu sili gogoreng, katoeroeg-toe-
 roeg aja djasana Kdj. Dalem Bandoeng
 anoe ngarapihkeunana, bet teu tjara noe
 enggeus², teu ngadjadikeun oeroe-ara
 sanagara.

Tina perkara ieu Al-Moe'min oge me-
 dar tangtoenganana, sarta teu karana nja-
 lahkeun djeung ngabenerkeun ka ditoe
 ka dieu, tapi ngan oekoer sabab-sababna
 naon marga lantaranana noe matak Al-
 Moe'min njekel lebaran dina poë Kemis.

Sakabeh, sakoer noe ngadjadikeun ka-
 tengtreman agama, teu aja lian kadjaba
 pangasihna Goesti maparin eling ka hidji²,
 teu mentingkeun kana pasalia boeboek
 leutik. Moedah-moedahan pinarengan
 reudjeung kersana, satoeloejna beuki
 madjoe kana kaamanan. Amin!

Djloeg-djlegna madrasah anjar djeung
 goen-genna masdjid anjar dina taoen
 anoe pareum teh, tangtoe djadi tjiri wantji
 jen agama Islam beuki nandjoeng beuki
 nandjeur, sarta nandjoengna djeung nan-
 djurna tea teu karana pagoedjroedan.

Doenja Islam saemoemna, dina taoen
 anoe kakara pareum beunang diseboet-
 keun loeloes oge, iwal ti nagara Palestina
 anoe salawasna djadi tjarita.

Dina palebah dieu oge, geus djol deui
 bae koedoe njoekoerkeunana ka Goesti
 Jang Agoeng, jen kaamananana doenja
 Islam oepama dibandingkeun dj. doenja
 lian, leuwih oentoeng deui bae. Geura
 di Europa mah kapan sakitoe goegoe-
 joeranana, matak risi matak rempan anoe
 hiroep; repeh ieu, diganti koe itoe;
 repeh itoe diganti koe ieu. Demi anoe
 djadi pasal teu aja lian kadjaba ti doen-
 jawiah. Tiongkok pon kitoe keneh, geus
 leuwih ti sataoen machloek-machloekna
 ngan dibandjiran koe karisi karempan
 reudjeung bahaja anoe alakbar bae.

Taoen ieu Al-Moe'min madjoe kana
 taoen anoe kadalapan, nepi poeh taoen
 anoe anjar; lain ngan saekoer rek nga-
 lakonan taoen anjar bae, tapi bakal mawa
 amanat anoe leuwih rosa ti batan taoen
 anoe ka toekang, nja eta tina tiloe lam-
 bar kana opat lambar. Sanadjan beban
 beurat, kawadjaban bangga, tapi lamoen
 tinemoe reudjeung taufik ti Maha Kawasa,
 kalajan dirodjong, disokong koe para
 ahlina anoe mitjinta, insja Allah moal
 datangka teu papanggih djeung salamet
 wal 'afiat.

Dr. Zainoeddin

Mempermaloemkan dengan hor-
 mat, bahwa moelai dari seka-
 rang, Januari 1939, berpindah
 roemah ke

„GEDONG ANJAR”

Heerenstraat No. 40 Tjiandjoer
 dekat GOUVTS. SCHAKELSCHOOL.

HARAPLAH DIPERHATIKAN!

Kade lali.

Dina strookpostwissel moegi dise-
 rat nomer abonne, soepaos ngagam-
 pilkeun kana padamelan administratie
 Adm.

كَرَامَاتِهِ

Hartosna: „Ari karamat teh nja eta perkara noe ngabedah adat noe didamel koe Alloh, sarta ditembongkeun koe sala-sahidji Walina pikeun ngagoengkeun Wali tea.“

Doepi dalilna noe netepkeun jen pasti noedoeheun kana karamat-aulia, noe kasebat dina *Qoerän* (القرآن الكريم).

I. Tjarios Siti Marjam, kagoengan poetra teu kalajan aja ramana.

II. Saban² Kdj. Nabi Zakaria (noe ngarorok Siti Marjam), lebet ka kamar Siti Marjam mendakan boeah-boeahan noe marodel; dina moesim katiga mendakan boeah noe biasana aja dina moesim ngidjih, sareng sabalikna.

III. Riwayat Patih Asaf, wazir Kdj. Nabi Soelaeman, mindahkeun karaton Radja Boelqis dina sakitjeup.

Ieu disebut dina *Qoer'an*, nawiskeun jen ajana karamat, noe dohir ti Siti Marjam sareng didohirkeun koe Patih Asaf.

Nja kitoe deui tarich para sahabat ngebrehkeun roepi² karamat noe tarembong ti arandjeunna (kamoeliaman para sahabat langkoeng ti para Wali).

I. Riwayat Sajjidina Aboebakar ngadjamoe tatamoe-tatamoena koe sasangkoe sarid (ngaran kadaharan) sadajana warareg, moeng eta sarid pinoeh keneh bae, teu ngirangan (Diriwayatkeun koe Boechorie).

II. Kapertjajaan Bangsa Mesir (dina zaman Sd. Oemar) sok ngorbankeun awewe parawan ka bangawan Nil sangkan tjah. Peta kitoe koe Sd. Oemar dilarang, teras digentosan koe seratan andjeunna dipalidkeun, sarta matak tjah, tjara malidkeun boedak landjang tea. Doegi ka ajeuna bangawan Nil teh koe karamatna Sd. Oemar, teu koedoe make korban deui.

III. Nja kitoe deui Sd. Oemar ningali ka perdjoeritna noe keur aja di Nahawand (Persi) kadeseh koe Madjoesi Persi, padahal andjeunna harita noedjoe di pangimbaran masjid Madinah, lalakon 2 boelan ka Nahawand, teras andjeunna tjeloek-tjeloek: „He Sariah! Awas di goenoeng! Awas di goenoeng!“

Koe gegedog Sariah karoengoeun eta pangwagel Sd. Oemar kitoe teh, toerta sakitoe patebihna. Atoeh balantantaranana teh djadi salamet, sarta oenggoel perangna.

IV. Riwayat Cholid bin Walid ngaleueut ratjoen anoe pohara matihna, waktos nembongkeun kaagoengan Islam, teu sakara-kara da harita diperdih koe kafir-kafir.

Djabi ti ieu seueur deui noe aheng² manawi sakieu oge tjekap kangge netepkeun jen karamat teh aja, sareng saha² noe teu nganggap kana ajana karamat, saroea bae dj. ngabohongkeun kana noe kasebat di loehoer, sedeng, sapalihna ditjarioskeun koe Al-Qoer'an.

إِنْ شَاءَ اللَّهُ ka pajoen bade ngabahas pasal ka roh noe kamashoer aja karamatna.

والله أعلم
D. Dj.

Bewara Directie A. M.

Kalajan pamoendoetna para ahli ibadah, ti awit taoen 1939 lambaranana Al-Moe'min didamel opat lambar, sareng artos langgananana ditaekkeun, djadi f 0.80 dina sakwartaal.

Ieu teh hidji pangaos anoe loear biasa pisan mirahna, margi „pangaos ibadah“.

Diteda anoe sanget soepados sadajana para ahli pada sami roemodjong, sareng sosen².

Koe ngadamel ieu kamadjengan teh tangtos anoe djadi Directie kapaksa ngadamel tindakan anoe matak handjakal, nja eta moal malire ka hidji doea para djoeragan anoe teu nembongkeun katjintaanana, ngalalaworakeun kana pibenzineunana; tara kersa maparin wartos; diseratan tara kersa ngawaleran.

Moegia djadi emoetan ka noe kagoengan kapentingan.

Hormatna
Directie A. M.

TINGKAH LAKOE.

Sapalih tina kasoetjianana pangadjaran Islam, nja eta ngawadajibkeun ka sagemlengna kaom Moeslimin, kedah sae tingkah lakoe, boh sareng papada doeloer saagama, boh sareng lianna, sarta wadajib soegri djalma Islam ngagadoehan sifat achlak anoe dipoedji koe sjara, kajaning sabar fawekal enggoning ngadjalankeun piwarangan Alloh rawoeh Rosoelna, rendah handap asor sae basa sae lampah, wani karena hak, soemerah lampoen salah sareng sadjabi ti eta, sawangsoelna teu kaakoe djanten oemat Moehamad, sanes Moeslim sadjati, soegri djalma anoe adat istiadatna awon, njoelajaan kana papagon hoekoem Islam, misalna oedjoeb (roemasa djadi pang-oentjoelna) takaboer adigoeng goreng basa goreng tjarek, awon sangka sirik pidik hasoed, resep papaseaan, soeka goegoedjroedan enz.

Pangandika Rosoeloelloh clm:

„Pangsae-saena kasaeen teh nja eta tingkah lakoe anoe sae.“

Achlak anoe sae teh nja eta hidji roekoen anoe teu kinten pentingna kanggo soemebarna agama Islam di masjarakat oemoem, margi bangsa anoe aja di loeareun golongan Islam, tangtos samemehna daek ngoelik kana eusina agama Islam teh, nilik² heula kana

kaajaan kaom Moeslimin, pokona anoe pangpajoenna dibandoengan koe bangsa deungeun teh, nja eta dina perkawis achlakna. Saoepami kaom Moeslimin kersa mintonkeun tjonto² koe taladjak anoe sae, moal sjak deui kaom sanes katarik hatena, harajangeun terang di eusina pangadjaran² anoe dikandoeng dina Islam. Sawangsoelna oepami katingal achlakna kaom Moeslimin teh awon, sapertos resep papadoean; papaseaan atawa resep soekan² anoe kaloeartina had kasopanan, tangtos kaom sanes moal ngahargaan kana Islam, malih tiasa djanten ngahina. Ieu hidji kahandjakalan sareng hidji karoegian oepami kaom Moe'minin teu kersa mentingkeun perkawis achlak.

Ajeuna mangga oerang tjoektjroek poko kamadjengan Islam baheula. Noemoetkeun tjariosan para oelama, anoe djanten azas kamadjoean Islam teh koe 3 sjarat anoe penting:

- 1e. Iman anoe tegeh.
- 2e. Elmoe sareng 'amal.
- 3e. Achlak anoe sae.

Nja ieu pisan anoe ngalantarankeun soemiratna tjahaja Islam ka sakoeliah Djaziratoel-Arab choesoena, rawoeh ka sadoenja oemoemna, dina waktos anoe teu kinten sakedapna oepami dibandingkeun sareng njebarna agama lian Islami mah. Moesoeh² Islam ngaraos heran anoe pohara ningal kamadjengan Islam anoe sakitoe hebatna, dongkap ka nimboelkeun roepi-roepi toedingan sareng sangkaan awon terhadep ka Islam. Sapalih njebatkeun pang enggal madjengna sjareat Moehamad teh sabab ngagoenakeun tjongo pedang (hartosna make paksa piroesa), sapalih noeding padjar tjenah kadorong koe katomaän sareng sadjabi ti eta, anoe sama-sakali Islam tetebiheun tina loemampah dina djalan kasasaran, djalaran anoe ngadjantenkeun madjoena Islam mah teu aja sanes lintang ti kalajan kategoehan imanna K. N. Moehamad clm. nja kitoe deui imanna para sohabat kapertjajaan anoe ditarik koe elmoe sareng amal toer berdjalan dina rel achlak anoe sae.

Alloh s. w. parantos moedji kana kasaeen achlakna Rosoeloelloh s. a. w. dawoehanana:

وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خَلْقٍ عَظِيمٍ

„Satemen-temenna maneh (Moehamad) aja dina choeloek (tingkah lakoe) anoe loehoeng.“

Koe margi eta oepami kaom Moeslimin bade ngoedag deui kaloehoengan Islam baheula, perjogi enggal mentingkeun soäl achlak margi lakoe lampah teh moenggoeh emoetan mah saibaratan anggoan.

Oepami hidji djalmi dangdosanana sarwa pantes toer sae, tangtos kencing panghormat noe sanes; sawangsoelna oepami boesil kalotor, kantenan katelerteler malah tiasa djadi kencing panghina.

A. A.

SERAT SENERAT.

Bandoeng, 25 Dec. '38.

Sareng hormat.

Hatoer oeninga, sakoemaha anoe kaoengel dina Al-Moemin 24-12-38 djoedoel „Tanaga kohok“, pribados moefakat pisan.

Moeng wireh hal elmoe sareng kaa-jaan dagang henteu djol² kaoengel sapertos tani sareng kasehatan (panginten pang kitoe teh kalebet ka noe sanes-sanesna tea), panoehoen pribados, manawi henteu djanten wagelan, tina eta atoeran² dagang moegi dipentingkeun pisan dina parahoe ka 2 teh, margi kaemoet koe pribados, hal dagang, paesahaan (digolongan Islam mah kanggo bekel ibadah) teh, kalintang moendoerna toena elmoena di leresan bangsa priboemi Soenda mah.

Anoe kaemoet perloe pisan teh aalitanana sapertos: kaaajaan² harga-harga pasar barang-barang sareng katoeangan; atoeran meser barang-barang dagangkeuneun ti sanes nagri sareng ngintoen barang dagangan ka sanes nagri; atoeran ngajoeh sareng acceptatie; atoeran ngabatikeunana enz. enz. saeutikeutikeun.

Henteu aja sanes amoeng hatoer noehoen ti enggalna kana djasa djoeragan² sadaja.

Hoermat pribados,
Langgahan No. 1277.

Pihatoer Red.

Kamoepakatan salira djoeragan, noe djadi boeah atina Al-Moemin, meng-gah koe rengrengan, estoe kateda, kasehoen kalingga moerda; noehoen noehoen, noehoen.

Pesatna Al-Moemin ti ngawitan nomer noe ajeuna, koe pamoendoetna para djoengdjoenanana, sanes koe pangdjoeroengna rengrengan woengkoel; sabagian ageung ngarintoenkeun pamoendoet, boh koe serat, boh koe lisan.

Tina perkawis pamoendoet salira djoeragan palaj aja panerangan hal perdagangan, eta teh parantos aja dina programma, teu diserat soteh sarehna teu atjan mendak noe bakal majoenanana bae, namoeng insjaalloh satiasa-tiasa bade ihtiar.

Moegi djadi kaeningaan sagala roepi noe kaphatoer, hasilna teh goemantoeng kana pangrodjong sareng kaaajaan.

ILMOE TAUHID.

Samboengan A. M. No. 48 th. ka VII.
(Nadruk verboden).

Bedja anoe jakin sarta moetawatir geus nerangkeun, jen waktoe Qoerän di-

toeroenkeun, sanadjan oerang Arab harita teu barisaeun noelis djeung matja, keur ngalaman hidji djaman anoe pangloehoerna dina bagbagan kaboedjanggaan basa, pirang² ahli sji'ir noe maher, loba toekang biantara noe kakontjara.

Bedja noe saroepa kitoe geus nerangkeun deui, jen maranehanana pohara geregeteunana hajang ngabantah kana tjariosan-tjariosan Kdj. Nabi s.a.w., kana hoedjdjah² djeung alesan² andjeunanana. Hajangna sataker tanaga, sagala tarekah didjalankeun, djeung ti antara maranehanana aja radja², kapala², ahli² sji'ir, djago² biantara djeung bentang-bentangna kaboedjanggaan, pada misatroë ka Kdj. Nabi s.a.w., emboeng noeroet ka andjeunanana, beurat ninggalkeun agama karoehoen. Tapi koe andjeunna euweuh noe dihiding, teroes diterang-terangkeun kasasaran djeung kasalahan i'tiqod maranehanana, dihina berhala-berhalana, diadjak kana bebeneran anoe teu biasa dipaham koe maranehanana. Ari hoedjdjah djeung alesan andjeunanana taja lian ti nangtang ka maranehanana, sina njarieun sapoeloeh soerat atawa hidji soerat anoe eusina djeung basana njasmaan kana eusi djeung basana soerat anoe pangpondok-pondokna ti antara soerat² Qoerän, sedeng pikeun maranehanana katjida gampangna ngoempoelkeun boedjangga² ahli basa, sili bantoe ngarang omongan anoe beres entep seureuhna sarta loehoeng eusina, pikeun ngajonan panangtang andjeunna, sangkan bisa ngabantah pangakoean andjeunna.

Bedja noe jakin sarta moetawatir geus nerangkeun, jen sanadjan lila nangtangna, sanadjan banget maranehanana misatroena, sanadjan teu koerang ahli basana, keukeuh teu barisaeun ngajonan panangtang, weleh peped teu barisa ngabatalkeun hoedjdjah noe nangtang, da tetela oenggoel Qoerän, hamo aja noe njaroeraan.

Naha tembongna hidji kitab noe sakitoe loehoeng djeung soetjina, tina lisan hidji pameget noe teu iasa njerat djeung maos aksara, lain panggede-gedena moe'djizat? Djeung naha eta lain pangnjatantjana tjiri jen eta kitab lain boeatan manoesa?

Djaba ti kitoe, dina Qoerän pirang² bedja gaib, njaritakeun noe bakal kadjadian sarta tjotjog djeung boektina, saperti bedja dina dawoehan Alloh Ta'ala dina Qoerän (30:2):

غَلِبَتِ الرُّومُ فِي أَدْنَى الْأَرْضِ وَهُمْ مِنْ
بَعْدِ غَلِبِهِمْ سَيَغْلِبُونَ فِي بَضْعِ سِنِينَ

„Geus eleh Roem di pangdeukeutna tanah djeung maranehanana sanggeus eleh bakal meunang dina sawafara taoen.“

Djeung saperti dawoehanana deui jen anoe ariman bakal oenggoel karadjaanana (24:55):

وَعَدَ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا مِنْكُمْ وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ
لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ فِي الْأَرْضِ كَمَا اسْتَخْلَفْنَا
مِنْ قَبْلِهِمْ

„Geus djangdji Alloh ka noe ariman ti antara maraneh sarta ngalampahkeun hade, jen tangtoe bakal maparin ka maranehanana kakawasaan di boemi, tjara ngawasakeun ka noe ti hareula“

Sarta boekti ditjoemponan ieu djangdji nepi ka karadjaan Persi djeung sabagian gede ti karadjaan Roem dibawah koe kaoem Moeslimin harita. Djaba ti ieu, ana dilenjapan, pirang² bedja gaib djeung isarah² kana rasiah² alam njarelap dina ajat² Qoerän.

Ieu moe'djizat noedoehkeun natrat pisan, jen K. N. Moehammad s.a.w. Rosoel Alloh ka machloekna. Djadi oerang wadjib pertjaja kana karosoelanana, wadjib iman kana sakabeh anoe diseboet dina Kitab noe diteroenkeun ka Andjeunanana (Qoerän), djeung wadjib njepeng kana sakoer anoe geus tetep diriwayatkeun ti Andjeunanana, nja eta anoe diseboet Hadis atawa Soennah anoe sohih riwayatna. Dina Qoerän diseboet, jen andjeunanana teh Nabi panganggeusan (pangpandeurina), tegesna sama sakali moal aja deui Nabi sanggeus andjeunanana. Djadi, wadjib oerang iman kana eta.

Ajeuna kari nerangkeun agama Islam kalawan katerangan ringkes, kana naon ngadjakna djeung koemaha pangadjaranana.

Teraskeuneun.

PARIRIMBON.

Samboengan A. M. No. 48 th. ka VII.

DOE'A ANOE DIBATJA BADA
TAHIJJAT.

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِي مَا قَدَّمْتُ وَمَا أَخَّرْتُ

He! Alloh moegi Goesti ngahampoenten ka djsim abdi, kalelepitan anoe parantos dipidamel koe abdi sareng anoe baris kapidamel koe djsim abdi.

وَمَا أَسْرَرْتُ وَمَا أَعْلَنْتُ وَمَا أَسْرَفْتُ

Sareng kalepatan anoe diboeni-keun koe djsim abdi sareng anoe diebrehkeun, oge barang anoe kalangkoengan ti djsim abdi.

وَمَا أَنْتَ أَعْلَمُ بِهِ مِنِّي

Sareng barang anoe Goesti langkoeng oeninga ti batan djisim abdi.

أنت المقدم وأنت المؤخر

Goesti pisan anoe majoenkeun, sareng Goesti pisan anoe moengkoerkeun.

لا إله إلا أنت

Henteu aja deui Pangeran anoe wadjib disembah kalawan sabenerna djabi ti Goesti.

يا مقلب القلوب ثبت قلبي على دينك

He anoe sok moelak malik hate! Moegi Goesti ngaregenekkeun kana hate abdi dina agama Goesti (agama Islam).

اللهم اني اعوذ بك من عذاب القبر

He Allah! njoehoenkeun diraksa djisim abdi koe Goesti tina siksaan koeboer.

وَمِنْ عَذَابِ النَّارِ وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَحْيَا وَالْمَمَاتِ

Oge njoehoenkeun diraksa tina siksaan naraka sareng tina fitnah dina nalika hiroep rawoeh sapa-rantos maöt.

وَمِنْ فِتْنَةِ الْمَسِيحِ الدَّجَالِ

Sareng tina pitnahna si Masih nja eta Dadjdjal.

اللهم اني اعوذ بك من الماتم والمغرم

He Allah sajaktosna abdi bade njoehoenkeun diraksa koe Goesti tina dosa rawoeh kabeubeurat (hoetang).

اللهم اني ظلمت نفسي ظلماً كثيراً

He Allah sajaktosna djisim abdi parantos ngadolim (nganiaja) kana diri abdi pribados anoe kalintang remenna.

ولا يغفر الذنوب إلا أنت

Moal aja noe ngahampoera kana pirang² dosa djabi ti Goesti.

فاغفر لي مغفرةً من عندك

Moegi Goesti ngahampoenten ka djisim abdi kalajan hampoenten anoe djolna ti Goesti.

وارحمي إني أنت الغفور الرحيم

Sareng moegi mikawelas Goesti ka djisim abdi.

أنت الغفور الرحيم

Saenjana Goesti mah anoe banget hampoerana toer anoe banget mi-kaasihna.

(Samboengeun)
M. S. Qoerowi.



Dihin pinasti, anjar pinanggih, titis toelis ti adjali, teu meunang emboeng, teu meunang hajang, tjarek journalis kalapetong a la Aboeja tea mah „takdir teu beunang dipoengkir kadar teu beunang disinglar“, bet Aboeja teh latsjoer pakokolot; geus teu era koe intjoe, geus teu era koe boejoet, teges pahare-hare tjara bagong meuntas bae nojod; noe njeungseurikeun njeungseurikeun, Aboeja Aboeja. Pendeking pendek, Aboeja teu daja teu oepaja, oesik dioesikkeun, obah diobakkeun.

Demi anoe djadi marga lantaran pang Aboeja beger pakokolot teh, nja adjengan keneh adjengan keneh bae, jasa teuing ngabibitana ka Aboeja, sedeng di Aboeja kaeunteupan panjakit tjaraman, teu kaop aja noe ngeneng², gampang pisan ngaroj oeroejna teh. Nja eta tea atoe, geus kitoe tea bae titis toelis, bet teu dikadarkeun ahli oedjlah, kalah ka djadi beberendjen, tari kolot bodjong kaso, babakan loba hajamna.

Ari noe djadi alatan mah, eta tea sapedah Aboeja sok maksakeun maneh laladjo ngaos, tapi laladjo oge laladjo noe laladjo deui, da ari geus bosen loeak lieuk roeroet reret mah tara karasa lingkoepna biwir panon teh, inget-inget kagareuwahkeun koe noe mapaj² gandleran di sawarga, mani alewoh.

Barang Aboeja geus inget tjempleng, henteu loeloengoe, bet adjengan teh keur ngabahas widadari. Saoerna teh, madjarkeun teh, geulis tanpa tanding, ditilik ti gigir lenggik, disipat ti toekang lendjang, diteuteup ti hareup sieup, oesik malik narik ati; katoeroeg-toeroeg weuteuhan salalawasna. Komo eta mah saer adjengan noe hidji deui, madjahkeun teh, bakating koe koneng-konengna koelit, enaj-enajna roepa, soengsoeamna oge widadari mah mani tembong.

Demi anoe bakal ngamilik bangsa model kitoe teh, saer adjengan, nja eta sakoer noe resep tolab ilmi.

Koe lantaran Aboeja kaasoep kana golongan laladjo talab, lain Aboeja teh toeloej bae gilig ati, ambon ka widadari, teges peureum kadeuleu beunta karasa, katjipta misonona ka Aboeja, katjawang

geugeutna ka Aboeja, teu dipikir deui ari tolabna mah, tolab koemaha; djeung koemaha sabadana tolab, naha diamalkeun, naha henteu; naha bahoela, naha bedang. Anoe poegoeh mah asa kek — asa kek bae Widadari teh, da bongan adjengan aoes koe si manehna, sedeng Aboeja pohara dahgana.

Dasar Aboeja mah salantjar tea.

En Be.

Aja noe mapaj ka Aboeja, madjar maneh ngareungeu bedja noe lain²; eta teh, ari pamanggih Aboeja mah, bohongna teh djoedjoempalikan.



Poetjoek ka'aeban.

Doenja kaom Walanda di oerang keur meudjehna diramekeun dina soerat² kabarna, sarehna ajeuna keur meudjehna ditaloengtik koe Officier van Justitie tina perkara lampah anoe nirtja tina kamanoesaan anoe sopan.

Oenggal poë aja wawaran, jen di Batawi djeung di Bandoeng geus aja doea poeloehna anoe ditangkepan koe poelisi sarta toeloej ditahan di pangberokan, lantaran milampah kalakoean anoe nirtja, nja eta njarean pada lalaki, babakoena baroedak lalaki bangsa oerang priboemi djeung aja oge baroedak lalaki bangsana. Anoe djadi korban ieu kadoerhakaan lolobana baroedak oerang noe keur sarakola keneh.

Anoe pangheulana katjerek nja eta leeraar sakola H. B. S. Sindanglaja Tjiandjoer, geus kitoe ngarambet ka noe sedjen-sedjenna. Sakoer anoe ajeuna geus aja dina tahanan poelisi, kabeh oge lain djelema mokaha, lain djelema djore², tapi bangsa meester², doktor-doktor, goeroe-goeroe; aja noe ngabogaan pangkat ambtenaar anoe galede, tjara referendaris, hoogleeraar, advocaat, groot handelaar djeung goeroe-goeroe tea, malah di Bandoeng mah aja noe kanjahoan maehan maneh waktoe rek ditangkep teh.

Roepana bae ajeuna mah koe poelisi teh kapanggih sajangna pisan, hidji komplotan atawa hidji koempoelan rasiah, anoe toedjoenanana ngalakoekeun kadoerhakaan tea. Tjek bedja noe leuwih djaoeh, masih keneh aja pirang-pirang ngaran anoe keur diteangan keneh katranganana koe poelisi. Saksi² anoe geus kapanggih, nja eta baroedak anoe djadi korbanna tea keur meudjehna dipariksa koe Officier van Justitie, sarta loba kaboektianana.

Bedja noe pandeuri ngawarkeun jen geus pirang² deui noe katangkep di Semarang, Salatiga, Soerabaja, Malang djeung Palembang.

Kasoehoedanana noe djadi poelisi pohara poedjieunana, lantaran koe pangpangihan saroepe kieu teh, nasibna

baroedak noe aja di internaat² teu, bisa aman diadjarna.

Koe djalan kieu, moedah-moedahan sajang napsoe kabinatangan teh bisa moesna.

—o—

Djrg. Hadji Jap A Siong di Tjimahi.

Kalawan oesahana Comite „Penerimaan Hadji Jap A Siong“ di Tjimahi, anoe dibangoen koe Voorz. Liem A Hwee, Vice Voorz. K. Wigandasasmita, Secretaris R. Erom, Penningm. Jap Kian Hian, leden: Jap Peng Lam, Lie Fen Nam, Karnadihardja, dina dinten Ahad ping 1 Januari 1939, ngawitan taboeh 2 siang Djrg. „Hadji Jap A Siong“ propagandist Islam bangsa Tjong Hoa ti Deli, bade ngajakeun lezing di Tjimahi.

Tempatna di sakola Tjong Hoa Hwee Koan Passar Atas.

Agendana: 1) Islam dan Persatoean, 2) Tarich Islam, 3) Islam di Tjongkok. Ieu pertemoean special kangge bangsa Tjong Hoa.

(Sin. Pas.)

—o—

Comite Lezing Islam.

Patali reudjeung datagna Hadji Jap A Siong anoe djadi propagandist agama Islam ti Medan (S.O.K.), dina malem Rebo tg. 27/28 December noe geus kaliwat geus diadegkeun (dibangoen) hidji badan anoe dingaranan „Comite Lezing Islam“ koe para djrg.

Soetalaksana, Voorzitter.

Karim, Secretaris Penningmeester.

Ong Soe An, Tjia Kok Soen, Gan Kok Sin, Setiadarma Nachrawi djeung Awod Alkasadie, leden.

Comite anoe kaseboet di loehoer baris ngajakeun ch'etbah tina pasal agama Islam ngawoengkoel terhadep pikeun bangsa Tjong Hoa anoe tjaritjing di kota Bandoeng djeung sawewengkonna, tempatna di gedong Tjong Hoa Tjong Sing Hwee anoe aja di Chinische Voorstraat sarta dimimitianana poekoel satengah 9 peuting.

(Sin. Pas.)

—o—

Jatim - Miskin.

Baroedak jatim miskin anoe disoentana dina boelan ieu koe alpoekahna pakaoeman Tjiandjoer aja 15 baroedak, ti district kota 8, ti loeareun kota 7:

- 1. Soekandi oemoer 3 taoen
- 2. Moenadjat „ 7 „
- 3. Samsoeri „ 2 1/2 „
- 4. Sahromi „ 2 „
- 5. Soekidjo „ 11 „
- 6. Soekrija „ 7 „
- 7. Mamad „ 1 1/2 „
- 8. Idjrom „ 1 1/2 „
- 9. Doedi „ 11 boelan
- 10. Mamad „ 1 taoen
- 11. Oedin „ 2 „
- 12. Saleh „ 2 „

- 13. Didi oemoer 1 taoen
- 14. Djamili „ 1 1/2 „
- 15. Endang „ 4 „

—o—

R. R. Ardiwilaga.

Rajat djelata district kota Tjiandjoer dina minggoe-minggoe ieu keur meudjehna sedih kingkin, sarehna geus kabar oepisil jen noe djadi doenoenganana nja eta Djoeragan Wadana kota, Rd. Roestandi Ardiwilaga, koedoe ngalih ka district Menes alas Pandeglang.

Moenggoeh noe djadi rahajat tara koe oenggal kapala soengkan ditinggalkeun teh, tapi ngan oekoer koe noe adil palamarta bae, ngabenerkeun ka noe bener, njalahkeun ka noe salah, bari ditambahan koe wawadi dj. nasehat. Kahajangna rahajat anoe adil teh, teges katjoemponan koe Djoeragan Rd. Ardiwilaga mah, lantaran sidik boemelana ka rahajat dina hakna djeung bebeneranana, teu kahalangan koe kitoe reudjeung kieu: landoeng kandoenganana, laer aisanana karasa kasaksi koe sarerea. Koe noe djadi pangagoeng katjida dianggapna, boh tina kabidjaksanaanana boh tina kasoehoedan reudjeung kadjoenonanana, katoeroeg-toeroeg dina prakna djalan damel leuleus djeudjeur liat tali.

Noe djadi bawahanana, ti para djoeragan² Tjamatna nepi ka kapala² desana pada kaleungitan koe hidji panoengtoen, anoe prak-prakanana tjara ti bapa ka anak.

Dina asta andjeunanana sagala roepa karasa tengtrem, boh kaom pergerakan boh kaom paesahaan, barisa djoenoen dina djalan ichtiarna.

Moal matak heran, moal matak kaget, lamoen aja bedja jen andjeunna teh gede pangharepan kana ngoedagna tahanan anoe leuwih loehoer ti ajeuna.

Ngalihna ka noe rada djaoeh, dihadja koe pangagoeng negri Batawi, soepaja andjeunna tambah seueur loeangna tina djalan paparentahan sa-Pasoendan, sapedah tina pangkat handapna oeloekoetek di Bandoeng, di Garoet bae.

Andjeunna ngantoen Tjiandjoer teh djadi karoegelanana rahajat katoet ponggawa sadistrik kota choesoesna, oemoemna sapangeusi Tjiandjoer, lantaran dina patjorokna saari-ari katjida matak betahna.

Al-Moemin ngahatoerkeun pidoe'a moega² Djrg. Rd. Roestandi Ardiwilaga sapoetra garwa ginoeloeran karahajoean di doenja rawoeh acherat. Amin!

—o—

Kagegelan.

Oendjoek oeninga, wirehing poen paman wasta M. Merta Winata di Tjialak (Soebang) dina wengi Saptoe ping 16/17 Dec. 38 parantos moelih ka rohmatelloh.

Koe margi eta disoehoenkeun kalajan ridona, ka sadaja noe maos ieu wartos, soepados maos fatihah sareng soerat ich-

las sakawasana, dihadihkeun ka arwahna poen paman, sareng moegi² noe ditiar dipaparin karidoan sareng kasabaran.

Hormatna poen

M. Martasoedjatna.

Lg. no. 1926.

Lemah-Neundeut 27 Dec. 1938.

**

Nji R. Siti Djoelaeha (Koeraesin) poetrana djrg. H. Patah Tjamis, parantos moelih ka rohmatelloh.

Djrg. Wiranta Soemantri Commies P. T.T. Bandoeng oge parantos moelih ka rohmatelloh.

Koe margi sakitoe, disoehoenkeun ridona ka noe maos ieu wartos, ngaos fatihah, soerat ichlas sareng falak binnas sakawasana, gandjaranana dihadihkeun ka arwah-arwahna noe nilar.

Sareng moegi dipasih an Im an-Islam anoe sampoerna.

**

Kahatoer

para rengrengan sareng para maos Al-Moe'min.

السلام عليكم ورحمة الله وبركاته

Disoehoenkeun rido ka noe ngamoedi A.M. soepados kersa ngalebetkeun kana A.M. noe bade medal ieu pihatoer: wireh poen bodjo wasta Nji R. Moertamirah dina wengi Ahad ping 18/19 Dec. 38 kataradjang oedoer awit tjarangkeul poendoek sareng sarebel, teras laleuleus loengse sapertos noe sare teu daek njaring-njaring kenging sadinten sawengi, teras emoet dina malem Senen 19/12-38 aja 3 djam, teras deui sapertos sare tea kenging 3 dinten 3 wengi, ti dinja njaring deui sabiasa noe tas sare kenging 2 dinten sawengi ti malem Saptoe 23/24 Dec. doegi ka njerat ieu (26/12-38) teras deui teu hoedang² sapertos noe parantos kaserat di loehoer.

Koe margi eta njoehoenkeun djijadna hoesoer ka para rengrengan oemoem ka para maos A.M. moega sami rido andoem pangdoeä soepados poen bodjo enggal sehat deui. Sareng pribados hatoer timpah noehoen ka sadajana sareng

جزاكم الله بالخير

Pangabaktosna langganan no. 665.

—o—

Wawaran Masjid Mande.

Oendjoek tingali masjid djami Mande dipidamelna noedjoe ngahantja panganggeusan pisan, nja eta bilik sareng tegel. Noe djadi pangeroes sakalangoeng ngaraos abotna, koe margi tanaga parantos soeda, lir tiwoe parantos sepa, teu aja pereseunana deui.

Koe margi sakitoe noe nawis di handap ieu ngadjerit sataker tanaga, choesoeson ka para langganan ieu serat kabar, oemoemna ka sadaja kaom Moeslimin, moedah-moedahan aja rido galih

kersa maparin toendjangan soepados eta masdjid oelah ngarangkej lami-lami.

Soegri noe ngersakeun masihan pangrodjong, moegi kapaparinkeun ka administratie ieu serat kabar bae, kalajan dinoehoenkeun samemehna katampi, maos poedji احمد الله .

Pertawis pangoeroes
Hadji Ibrahim
Djajasoebrata
Daman.

—o—

Koropak.

Djrg. Lgno. 2349.

Serat kintoenan Djrg. katampi, pangestoe Adm. didengda koe post f0,17⁵. Ka pajoen oepami ngintoenkeun serat patarosan, moegi dilebetkeun kana amplok, parangkona 10 sen.

Kalihna, Djrg. teh naroskeun naonana dina eta mas-alah teh?

Djrg. R. E. Hardjasoetisna

Lgno. 2006.

Kintoenan f1.50 kanggo kw. I & II th. 39 kirang 10 sen.

Djrg. M. E. Sapei Lgno. 1137.

Kintoenan f0.75 kanggo kw. IV th. 38. f1.10 kanggo kitab. Kitabna parantos dikintoenkeun per post

Noe teu moendoet teu diwaler.

Hormatna
Adm. A. M.

—o—

Rapport soesoe Tjiandjoer.

	Pameresan	Vet-gehal-te	Vet-vrije droog rest	Zuurgraad	Kebe-rest-han	Katranngan	Kabersakaan
1. Klein-Segoenoeng, Patjet.	3,8 ⁰ / ₀	8,52	6,0	Goed	sedeng tiam-poeritana	Volldoende	
2. Tjimatis, Ond. Tjimatis, Tjiandjoer	3,3 ⁰ / ₀	8,77	6,6	Goed	idem	Goed	
3. Camoenie, Tjiandjoer	3,1 ⁰ / ₀	8,47	5,4	Goed	idem	Volldoende	
4. de Bron, "	3,3 ⁰ / ₀	8,40	6,0	Goed	idem	Volldoende	
5. Angkloeng, Tjibeber.	3,4 ⁰ / ₀	8,54	6,8	Goed	idem	Volldoende	
6. Schuring, Ond. Pasitrandoe.	7,9 ⁰ / ₀	8,17	5,4	Volldoende	keorang hade	Volldoende	
7. Hartog, Patjet.	3,6 ⁰ / ₀	8,21	5,8	Volldoende	sedeng	Volldoende	

—o—



Noe bade djeudjeuh pakeun !
Noe bade ngawoewoeh kaoeninga . . !
Noe panggampilna ??

Teu aja deui, djabi ti djoeragan kedah lebet langganan serat kabar noe pangcompletejna namoeng pangmirahna !
OELAH LALI !!

„BALAKA“

Sanaos kaloearna saminggoe sakali, namoeng njoemponan pangaboetoe hadidintenna.

Pangaos Langganan: LIMA KETIP SASASIH.

Administratie „BALAKA“
Tasikmalaja.



Choetbah Kdj. Boepati Bandoeng

DINA LEBARAN TAOEN 1357.

(Samboengan A. M. no. 48 th. VII).

Dawoehan Qoerän dina soerat al-Baqarah, ajat 207:

„Di antara djalma-djalma, anoe pasrah satemenna, ngajoenkeun kersana Pangeran, koe Pangeran dihoedjanan koe asih djeung kani'matan.“

Djelema anoe dina martabat eta, boga anggapan, maksoedna manehna digelarkeun ka doenja teh taja lian ngan koedoe ibadah noeroet kana parentah Allah dj. mikanjaah sasama machloek.

Oepama sagala karep djeung pasedjan oerang, kabeh dibaktikeun ka kersa Allah sarta sakoemna daja kakoeatan dipake nohonan saniskara panggawe hade anoe soetji kalawan satoehoena, oepama oerang bisa kitoe, Pangeran teh lir katingal koemalangkang dina soemoedjoed soemoengkem oerang; oepama bisa kitoe, sagala paniatan oerang, eta njatana, pangersa Allah sarta noeroetkeun pangersa teh djadi kanimatan.

Moen oerang geus ngahontal martabat eta, salampah saparipolah teh hade bae ni'mat bae sarta pang oerang ngalampahkeun kahadean teh lain doemeh eta lampah hade woengkoel, tapi ngadjalankeun kahadean teh sasat djadi bakat bawa ngadjadi, katarik koe kahadean ngalemah ni'mat meunang bagdja dina ngadjalankeun kahadean. Tah eta teh sawarga, noe gelar di doenja pasihan Allah ka manoesa noe geus hoerip rohanina minangka gambarna sawarga noe baris kapanggih di achir noe kamoeljanana djeung kani'matanana leuwih² lipet² euweuh bandingna.

Taja goena oerang njoempoetkeun lampah goreng teh, da boh tembong boh henteu oge ari lakoe lampah goreng mah goreng bae. Ari noe perloe dilam-

Kanggo ngaloeaskeun pamandangan.

Disajagikeun kitab² basa Soenda :

Panoetan Agoeng (Kdj. N. Moehamad s. a. w.)	f0,54.
Roekoen Islam sareng hikmatna	f0,54.
Minhadjoelabidin I (aksara Arab)	f0,54.
Minhadjoelabidin II (" ")	f0,54.
Oesoeloeddin	f0,19.
Bab Poesa	f0,22.
Bab Solat II	f0,54.
Tashiloel Ibaroh I & II (aksara Arab) sadjilidna	f0,54.
Benteng Iman	f0,12.
Sadjatining Sadjarah	f0,20.

Basa Malajoe :

Doeroesoelarobijah (Pangadjaran Basa Arab) djilid 1, 2, 3, 4 & 5 sadjilidna	f0,54.
Tafsir Barzandji	f1,37.
Bab Solat	f0,17.
Kemerdikaan perempoean dalam atoeran keislaman	f0,30.
Tjahja Qoer-an jang menghilangkan kegelapan Masih Qodian II	f0,44.

Parantos dietang ongkos ngintoen

Pesanan diadreskeun ka Adm. A. M.

pahkeun koe oerang teh: merangan hawa napsae.

Merangan hawa napsae teh, eta tangga noe kahidji dina taradje kamoeljaan manoesa. Sabab saha² noe geus bisa naloekkeun hawa napsoena, eta djelema baris bisa mantjat kana tahapan noe leuwih loehoer dina ngoedag kasampoernaan manoesa noeroetkeun bagbagan kabatinan.

Tahapan kadoea dina kasampoernaan manoesa teh, nja eta: dimana geus bisa naloekkeun hawa napsoena tea toeloelj daja kakoeatan batin mekar, oerang bisa mantjat kana tahapan noe leuwih loehoer.

Kaom Moeslimin!

Aja basa „Allah hadir, di mana bae.“

Tah basa kitoe teh, keur oerang reamah oekoer djadi basa bae, keur sawareh djadi kapertjajaan atawa djadi iman; sawareh deui djadi patekadan: . . . ari keur anoe leket poeasana toer geus nepi kana tahapan kadoea mah, eta basa teh, noe sabenerna, estoe saenjana boekti.

Ari sababna pang poesa bisa djadi djalan kana martabat kamanoesaan anoe sakitoe loehoerna lantaran poesa teh ngadeg dina dasar pikoekoeh karohanian. Toeloelj ngageuing elingan djero, noe djadi poesurna hiroep batin, hiroep noe aja di sadjeroeun hiroep koe sangoe, oesik koe tjai tea. Tah, hiroep kitoe teh hiroeping karohanian martabatna aja di saloehoereun hiroep kadjasmanian.

(Samboengun).